

Reklamasyon pou manje ak medikaman preskripsyon ki gate lakòz pàn kouran san pa gen move tan

Si ou sibi yon pàn kouran ki lakòz yon pàn sou rezo lokal Con Edison la ki dire plis pase 12 èd tan pandan menm peryòd 24 èd tan an:

Si ou pèdi manje ki gate

- Ou kapab fè yon reklamasyon pou manje ki gate lakòz pat gen frijidè. Ranpli fòm sila nèt epi bay prèv yo mande yo pi ba nan fòm lan.
- Kòb ki pral rambouse an pral depann de verifikasyon reklamasyon an epi tarif kouran Con Edison yo.
- Pou fè reklamasyon pou manje perisab ki gate pou maksimòm \$235, ou dwe ajoute yon lis detaye jan li make pi ba, epi ranpli tout kategori yo.
- Pou fè reklamasyon pou manje perisab ki gate pou plis pase \$235 rive maksimòm \$540, ou dwe ajoute (1) yon lis detaye jan li make pi ba, epi ranpli tout kategori yo **ansanm ak** (2) prèv ou vreman pèdi sa ou deklare a. Pou prouve ou vreman pèdi sa ou deklare an, ou kapab itilize yon konbinezon resi detaye, resi kès, resi kat kredi, chèk ki anile, etikèt pri ki pwòp pou montre pri an, kòd barkod ki sou machandiz la, epi foto manje ki gate an, pou ansanm pyès sila yo kapab ase pou prouve vre valè lajan ou pèdi an pou lis manje ou bay la.

Si ou pèdi medikaman preskripsyon ki gate

- Epi tou ou kapab fè yon reklamasyon pou medikaman preskripsyon ki gate lakòz frijidè an pat mache. Ranpli fòm sila nèt epi bay prèv yo mande yo pi ba nan fòm lan. Peman pou medikaman preskripsyon ki gate pa antre nan peman \$540 maksimòm lan pou manje ki gate. ***Tanpri pa mete nimewo sekirite sosyal ou an nan reklamasyon 'w lan.***
- Pou fè reklamasyon pou medikaman preskripsyon ki gate, ou dwe ajoute (1) yon lis detaye jan li make pi ba, epi ranpli tout kategori yo **ansanm ak** (2) yon prèv ou vreman pèdi sa ou deklare a. Prèv ou bay la dwe genyen ladan'l yon resi famasi nou kapab li ki idantifye non medikaman an, kantite lajan kliyan an peye, dat li te achte, ak pou ki kantite jou yo te bay medikaman an. Si medikaman preskripsyon'w lan gate lakòz frijidè pat mache apre ou te deja konsome yon pati ladan'l, tanpri mete sèlman sa ou peye pou pati ki poko kosome an nan reklamasyon'w lan. Pa egzanp, si ou te peye \$300 pou yon kantite medikaman ki t'ap ba ou pou 30 jou, epi ou rete 5 jou nan preskripsyon an, reklamasyon'w lan dwe pou \$50. (Li posib nou mande ou otorizasyon pou'w kite Con Edison verifye pèt medikaman preskripsyon'w lan.)
- Ou dwe fè reklamasyon'w lan maksimòm 30 jou apre dat pàn kouran an.
- Kòb ki pral rambouse an se sèlman pou manje ak medikaman preskripsyon epi li depann de tarif kouran Con Edison yo.
- Pèt pou motè, ekipman ak aparèy ki gate pa ranbousab selon tarif kouran sila a.

Nou pap peye reklamasyon pou pèt ki soti nan pàn kouran ki lakòz move tan oswa lòt kondisyon nou paka kontwole.

Reklamasyon pou manje ak medikaman preskripsyon ki gate lakòz pàn kouran san pa gen move tan

Non: : _____
(TANPRI EKRI AN LÈT DETACHE)

Adrès ou _____ Nimewo apatman an: _____

Vil: _____ Eta: _____ Zip Code: _____

Telefòn la jounen: () - _____ Email: _____

Nimewo kont rezidansyèl Con Edison lan: - - - - -

NIMEWO 15 CHIF KI MAKE SOU BIL OU AN - SA PA APLIKAB SI OU PA RESEVWA YON BIL CON EDISON

Dat pàn kouran an (yo):

Kòmanse: ____ / ____ , 20 ____ Lè: _____
MWA/JOU/ANE 00:00 AM/PM

A: ____ / ____ , 20 ____ Lè: _____
MWA/JOU/ANE 00:00 AM/PM

	KATEGORI MANJE / MEDIKAMAN	KANTITE	PRI
1			
2			
3			
4			

(KONTINYE SOU YON LÒT FÈY PAPYE SI PA GEN ASE PLAS)

Valè total pèl la: \$ _____

Tanpri kenbe yon kopi pou tèt ou epi voye fòm sila nan email

Tanpri bannou 30 jou pou nou egzamine epi trete reklamasyon'w lan.

bay OutageClaims@coned.com

Mwen sètifye tout enfòmasyon mwen bay nan reklamasyon sila a se vre enfòmasyon dapre pi bon evaliyasyon mwen kapab fè epi yo reprezante sa mwen vreman pèdi pou manje ak medikaman ki pat konsome.

(SIYATI — FÒM REKLAMASYON KI PA SIYEN PAP TRETE)

(DAT)

Email se mwayen ki pi rapid pou fè yo trete reklamasyon'w lan. Tanpri kenbe yon kopi fòm sila ak tout resi yo pou tèt ou epi voye fòm sila nan email bay OutageClaims@coned.com

Siyen epi voye tounen fòm sila nan:

OutageClaims@coned.com

- OSWA-
(Mè pa voye nan tou lè de)

Siyen epi voye tounen fòm sila nan:

CON EDISON
PO BOX 1329
BAY SHORE, NY 11706

Nou pap peye reklamasyon pou pèt ki soti nan pàn kouran ki lakòz move tan oswa lòt kondisyon nou paka kontwole.